



**KEMENTERIAN AGAMA REPUBLIK INDONESIA
KANTOR KEMENTERIAN AGAMA KABUPATEN WONOSOBO
FKKM MTS KABUPATEN WONOSOBO**

PENILAIAN AKHIR SEMESTER GASAL TAHUN PELAJARAN 2022 / 2023

Mata Pelajaran	: Bahaasa Jawa	Hari, Tanggal	: 2022
Kelas/Semester	: VII (tujuh)/ I	Waktu	:
Petunjuk Umum: 1. Semua jawaban dikerjakan pada lembar jawab yang tersedia 2. Nama dan Nomor Peserta Ujian ditulis pada lembar jawab 3. Kerjakan dengan JUJUR			

- I. Wenehana tandha ping (x) ing aksara A, B, C utawa D ing ngarepe pratelan kang bener !
- Nalika tanggal 25 Juni 2022 ,Bagas mlebu nang kebone pak Parmin. Ing kono dheweke njupuk gedhang sing arep didol ing pasar. Pak Parmin ngonangi Bagas dicekel digawa menyang kelurahan amarga njupuk tanpa ijin. Teks wacan kuwi kalebu tuladha jinising teks narasi....
 - ekspositoris
 - sugesif
 - deduktif
 - orientasi
 - Ing ngisor iki kang kelebu perangan teks narasi koda yaiku.....
 - Dina senen iki, aku mangkat sekolah wiwit isuk. Jam 7 aku wis tata-tata kanggo upacara bendera.
 - Ana nang dalan nalika aku arep sekolah, sikilku kesandhung krikil amarga dalane rusak. Aku banjur keblasuk ana ing dalan, dhengkulku kerasa lara banget.
 - Aku banjur ditulungi kancaku, seneng banget rasane duwe kanca sing peduli karo aku.
 - Akhire, sawise ditulungi aku mbacutake mangkat sekolah bareng kanca-kancaku.
 - Karangan kang isine ngajak para pamaca supaya nglakoni apa kang dikandhakake panulis diarani karangan ...
 - persuasi
 - dheskripsi
 - argumentasi
 - eksposisi
 - Teks narasi kang nyritakake sawijining kedadayan adhedhasar urutan wektu .Pengarang wiwit ngenalake paraga crita ,kapan dumatine crita utawa kedadayan mau klebu perangan karangan narasi ...
 - ekspositoris
 - resolusi
 - komplikasi
 - orientasi
 - Bedane perangan teks narasi orientasi lan resolusi yaiku...
 - Orientasi pengarang wiwit ngenalake paraga crita, resolusi prakara kang diadepi paraga
 - Orientasi ngandharake sipat paraga, resolusi ngandharake sapa wae paraga ana ing cerita
 - Orientasi ,ngandarake masalah resolusi wiwit ngenalake paraga

- D. Komplikasi ngandharake masalah wiwit teka ana ing cerita, resolusi ngandharake masalah wiwit diudhari
6. Tuladhane tembung kang isih wutuh ,durung rinaketan wuwuhan (ater- ater , seselan lan panambang) yaiku
- meja, sapu, kumbah, teka
 - mangan, nyapu, kursi, meja
 - kumbahi, sapu, kursi, waca
 - lungan, nulis, nangis, ngumbahi
7. Tembung kang wis owah saka asale utawa rinaketan wuwuhan (ater, seselan, lan panambang) diarani tembung
- lingga
 - andhahan
 - tembung kriya
 - tembung panyeru
8. Tembung “gumedhe” kalebu tembung apa? Apa sebabe?
- tembung andhahan, amarga tembung wis owah saka asale
 - tembung andhahan, amarga tembung durung owah saka asale
 - tembung lingga, amarga tembung durung owah saka asale
 - tembung lingga, amarga tembung wis owah saka asale
9. Tembung andhahan yaiku tembung kang wis owah saka asale, ing ngisor iki kang kalebu tembung andhahan yaiku,,,
- nggambar, wayangan, rinakit, nyenengake
 - wajan, panci, soblok, parut
 - aku duwe buku pelajaran telu
 - kancaku, seneng, nulis, geguritan

Wacan kanggo nomor 10-11

10. Dina rebo sesuk, sekolahku nganakake lomba cipta geguritan. Pesertane bebas saka kelas 7 tekan kelas 9. Tema kang dienggo yaiku “Basa Jawi Minangka Identitas Daerah”. Geguritan ditulis sithik 10 baris, lan ora kena migunakake basa kang ora sopan. Aku lan kancaku semangat kepengin melu, amarga awak dhewe pancen duwe kesenangan nulis geguritan. Lomba iki bisa kanggo ngangsu kawruh siswa supaya dadi terampil nulis geguritan.
- Tema wacan ing dhuwur yaiku....
- Basa Jawi minangka identitas daerah
 - nulis geguritan
 - seneng nulis geguritan
 - lomba cipta geguritan
11. Tembung “ ngangsu kawruh” tegese
- luru kanca
 - golek ngelmu
 - golek banyu
 - manut guru

Nalika Mesjid Demak wiwit dibangun, saben Wali diparingi ayahan golek cagak utawa saka mesjid sing digawe saka kayu jati . Salah sijine Wali sing nindakake ayahan mau yaiku Sunan Kalijaga. Panjenengan tindak golek kayu jati kang didherekake para abdi kinasih. Satekane sawijining panggonan, Sunan Kalijaga sapandherek nemokake wit jati . Panjenengane banget kesengsem marang wit jati mau. “Sedulur – sedulurku kabeh, delengen wit jati iku !” wit jati iku cocok banget kanggo cagak mesjid ,”ngendikane Sunan marang abdine. “O , nggih, leres Sunan,”wangsulane para abdi bebarengan .”Nah coba, saiki tegoren wit iku !,”dhawuhe Sunan marang para abdine .

Para abdine Sunan Kalijaga banjur negor wit jati mau. Aneh , sawise ditegor wit jati mau ora ambruk, nanging ngalih panggonan liya, nanging isih tetep ngadeg ngejejer. Para abdi mau banjur ngoyak wit jati sing ngalih iku. Ewa semana saben dioyak wit jati mau ngalih panggonan .

Priksa kahanan iku , Sunan Kalijaga ngendika “Sedulur – sedulurku lan abduku kabeh ,coba rungokna papan panggonan iki,besuk yen ana rejane jaman dakwenahi jeneng “ Jati Ngaleh”.

“Sendika Sunan”, para pendherek mangsuli. Sawise ngendika mangkono, para abdi terus ngoyak wit jati sing terus ngaleh tekan sacedhake gunung .

(S. Suhariato ,Cerita rakyat saka Semarang)

12. Sapa kang diparingi ayahan golek cagak utaw saka masjid sing kagawe saka kayu jati?
 - A. Sunan Kali Jaga
 - B. Sunan Kalijati
 - C. Sunan gunung jati
 - D. .Sunan Jati Muria
13. Kedadean apa kang ana cerita ing duwur?.
 - A. Sawise ditegor wit jati mau ora Ambruk
 - B. Sawise ditegor wit mau banjur ambruk
 - C. Sawise ditegor wit jati mau ora ambruk malah ngalih panggonan
 - D. Wit jati ambruk nanging ngalih panggonan
14. Satekane sawijining panggonan , Sunan Kalijaga sapandherek nemokake wit..
 - A. Kayu Sengon
 - B. Kayu jati
 - C. Kayu ringan
 - D. Kayu jati ngalih
15. Paraga kang ana ing crita Jati Ngaleh yaiku...
 - A. Sunan Kalijaga, para abdi ,para pendherek
 - B. Sunan Kali jaga,Suhariato , abdi
 - C. Sunan Kalijaga. Sunan muria,abdi
 - D. Sunan Kali Jati ,Subiantoro ,pendherek
16. Sawise priksa kahanan wit kayu jati ditegor ora ambruk ,malah ngaleh panggonan ,mula Sunan KaliJaga ngendika yen besuk ana rejane jaman dakwenahi jeneng...
 - A. Jati galih

- B. Jati lunga
- C. Jati ngaleh
- D. Jati ngelih

17. Patrap kang trep kanggo bocah sekolah yaiku...

- A. yen wayahe *jam isitirahat* kudu metu kanggo tuku jajan
- B. nalika wayahe pelajaran, kudu bisa njawab pitakonan kanthi bener
- C. kudu njaga tata krama, sregep sinau, lan patuh karo aturan sekolah
- D. anggone mangkat sekolah kudu mepet wayahe, supaya bisa tepat waktu

18. Nalika telat anggone melbu kelas, patrap apa kang becik dilakokake dening siswa?

- A. melbu kelas kanthi sopan, dibacutke njaluk ijin saha pangapura marang guru
- B. melbu kelas kanthi kesusu, dibacutke njaluk ijin saha pangapura marang guru
- C. melbu kelas kanthi sopan, dibacutke mlaku tumuju ana ing kursine dhewe
- D. melbu kelas kanthi kesusu, dibacutke mlaku tumuju ana ing kursine dhewe

Tabel ing ngisor iki kanggo mangsuli nomor 19

Perangan		Tegese	
A	Fabel	1	Ana sesembungane karo roh utawa alam ghoib
B	Mithe	2	<i>Crita kewan sing bias gunuman kaya manungsa</i>
C	Legendha	3	<i>Asal usul dumadine papan panggonan</i>

19. Gathukna tetembungan ing perang A lan B ing duwur supaya trep

- A. A1.B2. C 3
- B. A 3.B 1.C 2
- C. A 2. B 1. C3
- D. A 1. B 3. C2

Tembang Pangkur ing ngisor iki kanggo soal nomor 20

Sekar pangkur kang winarna
 Lelabuhan kang kanggo wong ngaurip
 Ala lan becik puniku
 Prayoga kawruhana
 Adat waton puniku dipunkadulu
 Miwah ingkang tata krama
 Den kaesthi siyang ratri

20. Guru Wilangan, saha Guru Lagu tembang Pangkur ing dhuwur kuwi yaiku

- A. 8a,10i,7u,7a,12u,8a,8i
- B. 8a,11i,8u,7a,12u,8a,8i
- C. 7a,11i,7u,7a,11u,8a,8i
- D. 7a,10i,7u,7a,11u,7a,7i

Gatekake *terjemahan* tembang pangkur ing ngisor iki kanggo soal nomor 21-22

“Segala tingkah laku, dalam berbicara maupun duduk, tabiatnya tidak mau dikalahkan oleh orang lain, tidak mau ada yang menyamai, ia merasa dirinya paling tinggi”.

21. Piwulang becik kang ana ing *terjemahan* tembang pangkur ing dhuwur kuwi yaiku...
- A. yen urip bebrayan manawa derajat luwih dhuwur, bisa sakgeleme dhewe
 - B. dadi wong sing gelem ngudi kawruh marang liyane, ora kena gemedhe
 - C. urip bebrayan kudu bisa luwih apik lan luwih dhuwur drajate tinimbang wong liya
 - D. manawa njagong ana ing omahe wong, patrape ken asakgeleme dhewe
22. Unen-unen kang trep kanggo *terjemahan* tembang pangkur ana ing dhuwur yaiku...
- A. bathok bolu isi madu
 - B. ana kebo nusu gudel
 - C. adigang, adigung, adiguna
 - D. becik ketitik, ala ketara
23. Isi seka tembang pangkur yaiku ngewrat bab tata karma, apa tegese?
- A. ngatur kepiye carane urip bebrayan mligine ing babagan ekonomi
 - B. ngatur kepiye nindakake unggah-ungguh urip bebrayan karo wong sing asor
 - C. ngatur kepiye urip bebrayan karo wong sing lwuih dhuwur drajate
 - D. ngatur kepiye carane nindakake unggah-ungguh, mbedakake ala lan becik ing urip bebrayan
24. Tuladha tata krama nalika arep mangkat sekolah yaiku
- A. langsung mbludus wae metu omah, pamitan karo mlaku
 - B. mangkat sekolah karu kesusu nyambi mbenerke nganggo seragam
 - C. salamam karo wong tua, pamitan kanthi sopan
 - D. langsung marani wong tua njaluk sangu, dibacutke mangkat sekolah ora pamitan

Gatekna wacan ing ngisor iki kanggo nomor 25-28

Wabah Corona kang ana ing Indonesia iki nyebabake wulangan ana ing sekolah dadi serba online. Wiwit seka wulangan nganti ujian kabeh padha online. Mula awakdhewe minangka siswa kudu bisa tertib karo *protokol kesehatan* supaya bisa ngrewangi pamarintah ngalwan wabah corona. Pamarintah menahi anjuran 5M kang kudu ditindakake marang masyarakat kanggo nglawan corona, yaiku nganggo masker, rajin ngumbah tangan, aja seneng nang satengahing *kerumunan*, njaga jarak, lan njaga mobilitas. Yen kabeh rakyat Indonesia, apa maneh para siswa bisa dadi tuladha tertib proker, mesthi Indonesia bisa cepet bangkit saka wabah corona.

25. Saka wacan ing dhuwur iki, nyeritakake babagan pa?
- A. wabah corona ana ing donya iki dadi tambah akeh
 - B. siswa kang melu dadi tuladha becik nerapke 5m
 - C. sekolah online ndadekake kurang tata krama
 - D. kabeh sekolah nerapke ujian lan wulangan online kanggo siswa
26. Goleka tembung kang nganggo ater-ater anuswara ana ing wacan dhuwur kuwi!
- A. nyebabake, satengahing
 - B. ngumbah, ngalwan
 - C. supaya, tuladha
 - D. satengahing, ditindakake

27. Goleka tembung kang nganggo ater-ater tripurusa ana ing wacan dhuwur kuwi!

- A. nyebabake
- B. supaya
- C. satengahing
- D. ditindakake

28. Piwulang becik kang trep kanggo wacan ana ing dhuwur iki yaiku?

- A. masyarakat kudu tertib karo aturan sing digawe pamarintah
- B. pamarintah wajibake 5m kanggo protocol kesehatan
- C. yen kabeh masyarakat bisa tertib proses, bakal wabah corona bisa ilang
- D. wabah corona ndadekake kabeh kagiyatan dadi *berbasis online*

Gatekna tabel wacan ing ngisor iki kanggo soal nomor 29-30

Wacan A	Wacan B
Alun-alun Wonosobo mapan ing tengah kutha Wonosobo. Saben esuk akeh banget wong-wong kang padha olahraga ana ing kono.	Alun-alun Wonosobo swasanane adhem tentrem, wit ringin kang ana ing saubenging alun-alun dadi nambah kaendahan alun-alun.

29. Wacan B ana ing dhuwur kalebu jinising teks narasi apa? apa sebabe?

- A. sugestif, amarga ngandharake kahanan alun-alun wonosobo
- B. ekspositoris, amarga ngandharake swasana ana ing alun-alun wonosobo
- C. sugestif, pamaca ngandelake daya khayal kanggo swasana alun-alun
- D. ekspositoris, isi teks wis di andharake kanthi apa anane

30. Wacan A ana ing dhuwur kuwi kalebu jinising teks narasi apa? Apa sebabe?

- A. sugestif, amarga ngandharake kahanan alun-alun wonosobo.
- B. ekspositoris, amarga ngandharake swasana ana ing alun-alun wonosobo
- C. sugestif, pamaca ngandelake daya khayal kanggo swasana alun-alun
- D. ekspositoris, isi teks wis di andharake swasana alun-alun kanthi apa anane

31. Cita rakyat kalebu carita kang temurun ana ing satengahing masyarakat. Carita rakyat nduweni siji kalemahan, yaiku ora bisa dititoni bener apa orane cita kuwi, apa sebabe?

- A. amarga cerita rakyat kuwi kaperang dadi 2, yaiku fiksi lan nonfiksi
- B. amarga cerita rakyat kuwi nduweni amanat kang bisa dienggo urip bebrayan
- C. amarga carita rakyat asale saka lesan, bener lan orane cerita kuwi ora cetha
- D. amarga cerita rakyat asale saka rakyat dhewe, mula bener lan orane dadi cetha

Wacan iki kanggo soal nomor 32-35

Aku kalebu makhluk hidup kang paling sregep. Wiwit esuk aku golek panganan ana ing sawah lan wit-witan. Saka sawah aku bisa njupuk pari, dene saka wit-witan, aku bisa njupuk wiji utawa who-wohan. Saben dina aku sregep mabur kanggo luru pangan ngalor-ngidul, supaya anak-anakku entuk panganan.

32. Wacan ing dhuwur kuwi kalebu jinising cita rakyat apa? Apa sebabe?

- A. sage, amarga nyritakake perjuangan golek pangan
- B. legendha, amarga nyritakake kaendahan sawah
- C. mithe, amarga paraga utamane kuwi kewan

- D. fabel, amarga paraga utama kuwi kewan
33. Latar panggonan saha latar waktu ana ing wacan dhuwur yaiku...
- sawah lan lapangan, wektune sore
 - lapangan lan wit-witan, wektune esuk
 - sawah lan wit-witan, wektune esuk
 - sawah lan wit-witan, wektune sore
34. Saka wacan ing dhuwur kuwi, piwulang becik apa kang bisa dijupuk?
- kudu sregep lan tanggung jawab marang kuwajibane dhewe
 - sregep tangi esuk kanggo olahraga muter-muter sawah
 - kudu bisa bagi-bagi rejeki karo liyane
 - urip bebrayan kanthi ikhlas, lan njaga kesehatan nganggo olahraga
35. Tema apa kang dienggo ana ing wacan dhuwur?
- kasarasan
 - pendidikan
 - welas asih
 - ekonomi
36. Kang kalebu tuladha carita rakyat mithe yaiku,,,
- nyi blorong lan dumadine kutha wonosobo
 - kancil nyolong timun lan nyi roro kidul
 - nyi roro kidul lan nyi blorong
 - pangeran diponegoro lan dumadine kutha Wonosobo
37. Kang kalebu tuladha carita rakyat legendha saha sebabe kang trep yaiku
- dumadine candi prambanan, amarga nyritakake kisah perjuangan bandung bandawasa
 - dumadine tagkuban prau, amarga anyritakake asal-usule dumadine panggonan kuwi
 - kancil nyolong timun, amarga nyritakake kancil kang seneng nyolongi timun
 - dumadine tangkuban prau, amarga nyritakake perjuangane Sangkuriang
38. Awakdhewe minangka cah sekolah utawa siswa, kudu tertib karo aturan. Salah sijine yaiku nganggo seragam sekolah kang trep karo aturan sekolah. Gunane siswa nganggo seragam kanggo apa?
- kanggo identitas yen awakdhewe siswa kang ngudi kawruh ana ing sekolah
 - supaya bisa entuk sangu seka wong tua
 - supaya bisa tuku sepatu lan tas anyar
 - kanggo identitas yen awakdhewe iki bocah sing sregep

Gatekake wacan urutan nganggo seragam ana ing ngisor iki!

1	Sawise klambi seragam kuwi garing, banjur disetrika
2	Klambi seragam diwasuh kanthi resik
3	Nganggo seragam manut karo aturan sekolah, yen kudu dilebokke, wajib dilebokke
4	Celana utawa rok kudu disabuki lan manut warnane karo aturan sekolah
5	Benik dipasang ana ing sangisore krah lan lengen ora kena dilinting

39. Urutan nganggo seragam sekolah seka wacan ing dhuwur, kang paling trep yaiku
- 2,3,1,4,5
 - 2,1,3,5,4

C. 3,1,5,4,2

D. 5,1,3,4,2

40. Carita pengalaman pribadi kang isine carita kang angkres swasanane, lan nuwuhake rasa empati marang pamaca diaran

- A. crita pengalaman kang nyenengake
- B. crita pengalaman pribadi jaman biyen
- C. crita pribadi jaman saiki
- D. crita pribadi kang nyedhihake

41. “Jaman simbah cilik, urip simbah kuwi prihatin. Sangune mung 25 gelo, saben dina sedurunge mangkat sekolah, simbah kudu lunga menyang kali, kanggo ngguyang kebo ndhisik sadurunge digawa bapakke simbah ana ing sawah”. Carita iki mau kalebu jinising carita pengalaman apa? Apa sebabe?

- A. manut swasana, amarga citane nyenengake
- B. manut swasana, amarga critane nyedhihake pamaca
- C. manut umur kang crita, amarga nyritakake jaman isih enom
- D. manut umur kang crita, amarga sing crita wis tuwa

42. Saben dina minggu, aku bisa ngrewangi ibuku masak. Aku seneng banget yen didhawuhi ibuku kanggo nguleg sambel. Senajan ulekanku durung luwes, nanging ibuku sabar banget ngajari aku nguleg sambel. Nalika aku nguleg sambel, ibuku nyambi racik-racik karo nggodhog sega. Kang kalebu tembung rura basa ana ing wacan iki yaiku...

- A. racik-racik, didhawuhi
- B. ulekanku, ngrewangi
- C. nggodhog sega, racikpracik
- D. nguleg sambel, nggodhog sega

43. Kang kalebu tuladha carita kegendha Jawa Tengah saha sebabe kang trep ing ngisor iki yaiku...

- A. dumadine candi prambanan, amarga nyritakake kisah perjuangan bandung bandawasa
- B. kancil nyolong timun, amarga nyritakake kancil kang seneng nyolongi timun
- C. dumadine rawa pening, amarga anyritakake asal-usule dumadine panggonan kuwi
- D. dumadine tagkuban prau, amarga anyritakake asal-usule dumadine panggonan kuwi

44. Ing ngisor iki sandangan kanggo swara...

ᮊ... 2

- A. A
- B. I
- C. U
- D. O

45. “Wignyan” Sandhangan panyigeg kanggo aksara....

- A. H
- B. Ng
- C. P
- D. R